

BAB III

MÉTODE PANALUNGTIKAN


Dina ieu bab dipedar sawatara hal anu patali jeung métode panalungtikan, nyaéta desain panalungtikan, sumber data panalungtikan, téhnik ngumpulkeun data, instrumén panalungtikan, jeung téhnik ngolah data.

3.1 Desain Panalungtikan

Ieu panalungtikan ngagunakeun pamarekan kualitatif kalawan métode déskriptif. Nurutkeun Nasir dina Rukajat (2018, kc. 1) métode déskriptif digunakeun pikeun nyieun déskripsi atawa gambaran sacara sistematis, faktual, tur akurat ngeunaan fakta-fakta, sifat-sifat, sarta patalina unggal fénoména nu ditalungtik. Métode deskriptif dina ieu panalungtikan dipaké pikeun ngadéskripsiyeun jeung nganalisis wanda konjungsi, fungsi konjungsi, katut ma'na konjungsi anu aya dina kumpulan carpon *Ható Awéwé* karya Risnawati.

Pamarekan kualitatif digunakeun dina ieu panalungtikan, lantaran nalika lumangsungna ieu panalungtikan, panalungtik niténan kana kaayaan tuluy ngadéskripsiyeun dina wangu informasi (Arikunto, 2010, kc. 135). Tujuan tina panalungtikan kualitatif nyaéta pikeun maham kana fénoména ngeunaan naon-naon nu kaalaman ku subjék panalungtikan saperti paripolah, persépsi, motivasi, tindakan, jsb. Anapon data anu dikumpulkeun dina ieu panalungtikan mangrupa kutipan-kutipan tina kalimah. Ieu panalungtikan ngadéskripsiyeun larapna konjungsi dina wacana prosa hususna dina kumpulan carpon *Ható Awéwé* karya Risnawati luyu jeung masalah nu diwatesanan, satulunya dianalisis dumasar kana téori adegan wacana.

Dumasar pamarekan sarta métode anu digunakeun disusun désain panalungtikan anu ébréh dina bagan saperti di handap.



Bagan 3.1
Desain Panalungtikan

3.2 Data jeung Sumber Data Panalungtikan

Data nyaéta sakabéh fakta atawa informasi nu ngagambarkeun déskripsi tina hiji objék panalungtikan. Éta data dipaluruh sacara langsung ngagunakeun alat ukur, sakumaha nu ditétélakeun ku Pamungkas (2017, kc. 1). Nurutkeun Arikunto (2010, kc. 129) nu dimaksud sumber data panalungtikan nyaéta subjék dina

ngahasilkeun data. Sumber data nu dipaké dina ieu panalungtikan nyaéta sagala rupa réferénsi boh buku boh jurnal, atawa sagala informasi nu ngarojong sarta aya patalina jeung ieu panalungtikan.

Anapon sumber data utama dina ieu panalungtikan téh nyaéta sakabéh konjungsi nu aya dina kumpulan carpon *Haté Awéwé* karya Risnawati. Ieu kumpulan carpon medal taun 2011 anu diterbitkeun ku PT Kiblat Buku Utama, Bandung. Kandelna 209 kaca. Sakabéh carita pondok dina ieu buku kungsi dipidangkeun dina Manglé. Karangan nu 20 judul téh diumumkeunana dina majalah antara taun 1995 jeung 2005. Tina éta kumpulan carpon dijaring sakabéh data konjungsina.



| | |
|-------------|------------------------|
| Judul Buku | : Haté Awéwé |
| Pangarang | : Risnawati |
| Pamedal | : PT Kiblat Buku Utama |
| Medal | : Citakan kahiji, 2011 |
| Jumlah Kaca | : 209 Kaca |

Jumlah judul dina kumpulan carpon *Haté Awéwé* karya Risnawati kabéhna aya dua puluh judul, di antarana waé.

| No | Judul | Tingkesan Carita |
|----|-------------------------|---|
| 1 | Isukan Si Bujang Datang | Nyaritakeun kolot nu sono ka budakna. Si bujang katedahna, ari ngaran benerna mah Jang Nandi. Budak nu sakitu dipikanyaahna, dimomong ti leuleutik nepi ka gedéna. Dijeujeuhkeun nepi ka jucungna. Sagala rupa nu dipigawé téh éstu keur manéhna. Kiwari, Si Bujang geus bisa ngala duit sorangan, di gawé di pangumbaraan. Ti saprak harita nu nepungan unggal bulan téh ukur surat jeung duit bekel hirup sapopoé. Suratna mani geus numpuk dina lomari pakéan, dipupusti didama-dama. Nu matak, mun nempo kana tumpukan surat, sok rey hayang bisa maca. |
| 2 | Santi | Kacaritakeun hiji wanoja, ngaranna Santi sobat dalit Lineu nu mindeng gunta-ganti kabogoh. |

| | | |
|---|------------|--|
| | | Matak jadi omong di lemburna. Tina caritana mun keur ngangluh, kalakuan Santi téh geuning lain kahayangna sorangan. Cenah mimindengna mah pegat jeung beubeureuh téh pédah indungna, Bu Marni nu teu sapanuju ka lalaki nu deukeut jeung Santi. Hiji waktu, Santi gelut jeung indungna. Nu matak indit ti imah, cenah mah lantaran indungna jiga nu ngéwa ka Didin, kabogoh Santi nu ayeuna. Atuh ti harita, Santi jeung Didin putus. Ari ceuk Dandi adina Santi, pajarkeun Santi mah kudu meunangkeun nu goréng patut bari loba duitna, ngarah disatujuan ku indungna. Singhoréng, saprak nurutkeun omongan Dandi nu nitah néangan lalaki nu goréng patut tapi beunghar, bener wé indungna saperti nu resepeun. Dala Pédah kitu téh geuning sabab Bu Marni boga trauma, sieun Santi téh ngan ukur ningali lalaki tina rupana wungkul. Padahal saapal Lineu, kabogoh Santi nu harita salian ti kasép ogé bageur jeung nyakola. |
| 3 | Mulang | Nyaritakeun Kang Gagan nu bimbang nangtukeun pilihan haténa. Aya kana genep taunna manéhna teu mulang ka lemburna. Sabada lima taun ngawangun adeg-adeg rumah tangga jeung Liani, kakara wani mawa Liani ka lembur. Matak kitu gé lantaran sieun kabagjaana kaganggu ku kolot jeung dulur-dulur nu teu nyatujuan. Harita manéhna geus ngarumah tangga jeung Nunung, tapi ninggang ku awéwé teuing kumaha haténa éléh. Ti dinya Nunung ménta pisah. Haté tangtu ngarasa hanjakal lantaran téga ngantep ka budak. Ras haté bet kuméjot hayang mulang. Asa hayang nyegruk dina lahunan Umi, ngabudalkeun sagala bangbaluh nu karandapan. |
| 4 | Ható Awéwé | Nyaritakeun kaayaan haté pamajikan nu di hianat ku salakina. Dimimitian ku robahna sikep jeung paripolah nu biasa dilakukeun di imah sabada nyaba ti Banten. Biasana mah mun tas nyanyabaan téh kajeun ukur pulang poé, balikna teu weléh siga nu sono. Ceuk rarasaan, ti mimiti pruk ngarangkep nepi ka dipercaya boga anak tilu, can kungsi paséa gedé. Tapi harita kabohongan-kabohongan mimiti ka ungkab, nepi ka antukna |

| | | |
|---|--------------------|--|
| | | manéhna ninggalkeun imah, ninggalkeun budak jeung pamajikan pikeun bebetah dina keukeupan awéwé séjén. |
| 5 | Nu Kaleungitan | Nyaritakeun pasualan rumah tangga nu geus papirak alatan awéwé séjén. Aya rasa kaleungitan dina haté nalika mangsana Kang Hérman masrahkeun kuring. Dina hiji waktu, Kang Hérman datang deui nepungan Apa jeung Amih, maksudna gedé harepan hayang bisa ngahiji deui jeung kuring. Manéhna nyarita kumaha susahna kahirupanana ti saprak papirak. Rejeki hésé, karirna mandeg. Sanggeus sababaraha kali di “sidang”, kuring jeung Kang Hérman néken surat perjanjian dina kertas segel, kuring moal menta pisah sacara hukum, tapi pisah sacara badaniah. Manehna bebas cicing di imah Lilis, tapi sagala kakayaanna beunang bobilintik jeung kuring jadi hak kuring jeung barudak. Kang Hérman nyatujuan. |
| 6 | Ngontrog | Nyaritakeun Kang Haji nu ceuk béja ngingintil bujur sindén. Pajar téh sok milu ngabajidor. Puguh wé haté ngagedur asa percaya teu percaya. Sabada disarungsum, di datangan ka tempat salah sahiji sindén dalam geuning lain Kang Haji, tapi Pa Dadang, wakil ketua kantor Kang Haji. |
| 7 | Puasa, Bulan Puasa | Nyaritakeun kahirupan Enung salaku budak hiji-hijina nu sagala kahayangna kacumponan. Lantaran aki, Bapa Mamah, tos teu aya, atuh tanggung jawab kulawarga dina nyiar kipayah téh bro ka Mamah. Beurang peuting Mamah digawé. Peréna téh bulan puasa. Duka digawé naon da unggal ditanya tara ngajéntrékeun. taya nu ngabéjakeun naon usaha Mamah téh. Duka ku naon puasa ayeuna mah Mamah jiga nu leuwih ti sasari pusingna. Mémang geus sababaraha bulan duit nu disetorkeun ka Ema téh nyaeutikan waé. Paribasa monétér, duit jadi hésé disiarna. Hiji waktu kapanggih geuning pagawéan Mamah nu saenyana téh basa aya tatangga nu manggihan keur pagégéyé jeung babah asup ka hotél. |
| 8 | Indung Téré | Nyaritakeun Tati nu hayang ngarobah citra indung tére nu salila ieu kacida goréngna. Tapi |

| | | |
|----|-----------------------|--|
| | | tarékah té teu laksana. Hiji waktu Tati kalepasan nyarékan budak bari leungeunna satengah digeweungkeun, tuluy kapanggih ku dulurdulurna. Atuh angger we citra indung téhé téh geuning teu robah. |
| 9 | Kidung Na Haté Indung | Nyaritakeun kaayaan awéwé kana perkara miboga anak loba. Pajar “loba anak, loba rejeki”. Lain hartina kudu migoga budak nu loba, tapi pan budak téh rejeki ti gusti Allah. Teu salah sabenerna boga pamikiran saperti kitu, ngan kudu bisa ngukur kamampuh ékonomi kulawarga. |
| 10 | Kawin Pérak | Rumah tangga ngagayuh ka 25 taun, keur meumeujeuhna pikaboseneun. Saincak saparipolah, boh di diri sorangan boh di diri salaki, éstu taya nu narik deui. Salaki, kawantu kasebutna pajabat, hésé pisan diajak ngartina kana kaayaan haté kuring nu teu weléh marudah téh. Lain teu ngartieun meureun, ngan teu bogaeun waktu keur ngartina. Nu dipikiranana ngan pagawéan jeung pagawéan. Ngan haté kalah jadi marudah, loba gaul téh. Loba tetempoan jeung loba dédéngéan. Lain nempo atawa ngadéngé banda rajakaya babaturan nu leuwih ti sorangan nu ngajadikeun marudah téh. Da nu kitu mah sorangan gé teu kurang. Tapi tetempoan jeung dédéngéan, nu mampuh ngahudang rasa kawanitaan dina diri kuring nu geus lila boga rasa teu pati dipaliré ku salaki. |
| 11 | Sasab | Nyaritakeun hiji kasakit nu balukar tina pagawéan nu dilakukeun. Upamana waé boga kalungguhan di pagawéan, tong matak sagawayah. Karesep manéhna téh pan motongan anggaran keur meuli barang nu engkéna dipaké keur kapentingan umum. Manéhna teu mikirkeun éta barang téh goréng, mun dipaké babari ruksak, nu penting loba sésana. Bantuan ti pamaréntah keur rayat, ku manéhna dikeureut ti ditu ti dieu, antukna nu nepi téh ukur sabagéan leutikna da gegedéna ngajentul dina rékening pribadi. Kacida adilna mun manéhna dikeureutan, ambéh bisa ngarasakeun |
| 12 | Sabot Ngiuhan | Nyaritakeun kahirupan awéwé nu dijadikeun simpenan lalaki. Manéhna geus jadi pamingpin di |

| | | |
|----|---------------|---|
| | | hiji kulawarga sarta jadi bapa ti dua budak. Pangna kitu téh lantaran manéhna tara kataji ku lalaki sacara pisik. Mimitina mah panasaran, tapi tuluy kebat ngajugjungan. Can tamat, kapegat bingbang satengahing jalan. Tidinya ahirna mutuskeun rék ngajauhan manéhna. Tapi merlukeun waktu nu teu sakeudeung. |
| 13 | Amplop | Nyaritakeun Sudinta nu teu weléh nungguan amplop. Sok disebut ASDA lima téa, asal datang lima rébu, atawa disebut UUD, Ujung-Ujungna Duit. Ceuk manéhna mah taya bédá jeung anggota déwan. Asal datang kana rapat, kajeun ukur ngadon nundutan, maca koran, atawa hokcay wungkul, meunang uang duduk. Ngan bédana meureun teu lima rébu teuing. Lila Sudinta ngahuleng. Haténa sabil. Ras inget ka Si Bungsu, ras inget kana beubeunanganana poé éta nu teu meunang saamplop-amplop acan. Mun teu amprok jeung bendahara mah kana lengkep pisan apesna téh. |
| 14 | Samagaha | Kahirupan kulawarga Sari nu kawatesanan ku ékonomi, ngabalukarkeun manéhna dititah gawé jadi PSK ku indungna. Romlah salaku indung, ngabéjaan yén geus sakuduna Sari mulang tarima ka manéhna. Lantaran salila ieu Romlah sorangan nu usaha keur saréréa. Néangan duit téh teu gampang, pokna. Duit keur méré dahar Nini jeung adi-adina. Waragad sakolana. Romlah ngarasa lamun ngandelkeun tanagana sorangan can tangtu bisa nyumponan kabutuhan hirup, ku kituna Sari dititah gawé. Tidinya mulai mimiti persaingan pikeun meunangkeun nomor urut caleg. |
| 15 | Lalangit Haté | Nyaritakeun Wida nu kaleungitan akal nyanghareupan lalaki. Dalah dina waktuna mutuskeun kawin gé putusan téh dumasar kana akal séhat. Maké tinimbangan nu kacida asakna. Dipikir untung rugina, dibeuveung diutahkeun téh lain bobohongan. Sama sakali teu ngagugu napsu, atawa neumbleuhkeun kana cinta. Tamaha kurang perhitungan. Nepi ahirna tepung jeung hiji lalaki nu ngabalukarkeun kasatiaan jeung kapengkuhan Wida ancur awut-awutan. |

| | | |
|----|-------------|---|
| 16 | Togéł | Dina pangaosan ibu-ibu nu sok diayakeun di masjid unggal poé Jumaah pasosoré, Kang Ustad nyabit-nyabit perkara togéł. Geus aya kana sabulanna maceuhna mah. Éta tuda Si Sarjum jadi agén togéł di lembur. Mémang aya sajarahna si éta mah. Mun usum maén, judi, atawa buntut mahabu, manéhna sok pangheulana jadi agén. Kang Ustad pada ngabaeudan. Teu anéh éta mah, da puguh asa dihalang-halang pangresepna meureun. Samingu ti harita kacaritakeun Kang Ustad gé masang nomer. |
| 17 | Gugat Cerai | Bisa disebutkeun jadi gosip pangpangna minggu-minggu éta mah. Di jalan di pasampangan, di warung atawa di tampian, sarérea ngan ngobrolkeun perkara Bu Dédéh nu ngagugat talak Pa Kusna, carogéna. Jadi omong soténan éta ku kakarana. Pikeun urang lembur mah, najan sok remen lalajo perkara gugat ceraina para artis sohor dina télévisi, kajadian kitu téh kaasup ahéng kacida. Nurutkeun maranéhna mah asa minculak pisan awéwé ménta talak ka salakina téh. Pangna ménta talak téh lantaran Bu Dédéh manggihan salakina, Pa Kusna nyolowéedor. Pajar cenah kabuktian tina SMS nu aya dina HP Pa kusna. Sabada diobrolkeun, Pa Kusna méré klarifikasi yén éta SMS téh ukur heureuy. Malem Minggu harita téh. Nyanghareupan sidang poé Senén, Pa Kusna siga nu geus beakeun hojah. Gawéna ngalangeu wé di émpér hareup bumina. Ti tos magrib kituna téh. Jiga nu jarauh panineungan. Bu Dédéh ti isuk geus indit jeung pangacara parlénté. Nepi ka wayah kitu can jebul kénéh. Ari sing horéng kapanggih keur di hotél jeung Pangacarana. |
| 18 | Caleg | Kaayaan DPD jeung DPC dina usum kampanye rarusuh, utamana dina ngasupkeun daptar caleg. Padahal ti anggalna kénéh geus diumumkeun sangkan ngeusian daptar caleg. Komo basa dina surat nu ditepikeun ku KPU diimplik-implikan yén sakabéh partéy kudu nyumponan kuota awéwé nu lobana 30% mah. Anu henteu nyumponan, engkéna bakal diumumkeun ka masarakat. Moal salah, sangsi moral téa keur |

| | | |
|----|--------------------------|--|
| | | partéy nu teu nyumponan kuota 30% teh boa-boa bakal disarebut partéy nu teu miduli ka kaom awéwé, nu cenah mah kaom pamilih panglobana dina Pemilu kamari. Kacaritakeun Nining kakara anyar asup partéy. Bu Mila nu saacanna sorangan jadi aya batur. |
| 19 | Wilujeng Wengi Ibu Siska | Kaayaan rumah tangga nu béda kayakinan. Taya pacogrégan kulawarga, sakumaha lumrahna nu kawin béda agama. Salila genep welas taun ngarumah tangga, Kang Danu bumetah cicing di lembur kuring, di Ambon. Teu matak ningnang da di lembur kuring mah geus loba muslimna. Hirup tingtrim sauyunan, teu kahalangan ku béda kayakinan. Usum Natal, umat muslim nganjang ka kaum kuring, nu ngarayakeun Natal gé teu poho ngirim dahareun ka kulawarga muslim. Pon kitu deui dina mangsana Lebaran. Ayeuna mapag natal ka tujuh welas. Masih di imah meunang nyayagikeun Kang Danu. Ngan bédana ieu mah di tanah kalahiran Kang Danu, Tanah Sunda nu anggangna rébuan kilo ti Ambon. Tangtu waé bakal loba deui bédana antara Natal nu ayeuna jeung Natal-Natal nu geus disorang saméméhna. Di dieu kuring cuang-cieung sorangan. Moal aya tangkal Natal meunang ngahias, moal aya lagu-lagu garéja nu nurihan ati, sarta moal aya ucapan pangwilujeng ti paradulur, sobat, atawa tatangga. Tapi najan kitu, ieu jadi Natal pangéndahna pikeun kuring. |
| 20 | Husu | Ti leutik, basa sok ngaji kénéh di tajug Ustad Imong, sok didongéngkeun lalakon Sayidina Ali, nu pingpingna katiir jamparing musuh. Nuju anjeunna solat, jamparingna dicabut. Ku husu-husuna anjeunna solat, da dugi ka teu karaoseun atuh jamparing nu nanceb dina pingpingna dicabut téh. Hésé cenah jalma biasa mah rék nepi ka tingkatan husu modél kitu téh. Nepi ka gedé, remen mireng nu mamatahan sangkan solat sing husu. Tapi mun ditanya nu kumaha nu husu téh, tara aya nu bisa ngajelaskeun nepi ka jéntré sarta tuluy bisa dipraktékkeun saharita. Hiji mangsa, kuring ngobrol jeung babaturan. Manéhna ngajéntrékeun nu sok ngaganggu husuna solat téh |

| | |
|--|--|
| | taya lain sakadang <i>syaiton</i> . Da jeung enyana. Mun geus kitu, sok asa peunggas harepan, jigana moal ngalamana solat husu téh. Ras inget kana sanggem Ustad Imong, tingkatan husu keur urang mah béda sareng Kangjeng Sayidina Ali, atawa para sahabat. Urang mah cukup solat dina awal waktu, éta gé geus kaasup husu. Mun inget ka dinya, sok rada nyay, aya harepan dina haté téh. Jadi kuring sok satékah polah ngudag solat dina awal waktu. |
|--|--|

3.3 Téhnik Ngumpulkeun Data

Téhnik nu digunakeun dina ieu panalungtikan nya éta téhnik studi dokuméntasi. Nurutkeun Burhan (dina Piscayanti, 2014, kc. 96), studi dokuméntasi mangrupa ngumpulkeun data anu digunakeun dina métode panalungtikan sosial pikeun nyalusur data historis. Anapon nurutkeun Sugiyono (dina Piscayanti, 2014, kc. 96), dokumén mangrupa catetan kajadian anu geus lumangsung, bisa wangan tulisan, gambar, atawa karya-karya monuméntal hiji jalma.

Dokuméntasi nu dimaksud dina ieu panalungtikan nyaéta tulisan nu mangrupa kumpulan carpon *Ható Awéwé* karya Risnawati. Tina éta kumpulan carpon dijaring sakabéh konjungsi nu kapanggih minangka pananda unsur kohési dina wacana prosa. Anapon léngkah-léngkah ngumpulkeun datana saperti kieu.

- a. Nangtukeun objék data nu mangrupa kumpulan carpon *Ható Awéwé* karya Risnawati;
- b. Maca kumpulan carpon *Ható Awéwé*, tuluy sawaréh paguneman nu luyu jeung panalungtikan di inventariskeun kana kartu data kalawan dibéré kode séwang-séwangan;
- c. Nyirian kalimah nu ngandung konjungsi kohésif;
- d. Nyatet kalimah kana kartu data digital; jeung
- e. Nganalisis kartu data.

3.4 Instrumén Panalungtikan

Data anu dianalisis dina ieu panalungtikan nyaéta sakabéh wanda konjungsi anu kapaluruuh dina kumpulan carpon *Ható Awéwé* karya Risnawati. Instrumén

panalungtikan dina ieu panalungtikan kualitatif téh ngagunakeun kartu data nu digambarkeun saperti kieu.

Kode Data : HA/C1/KC13
 Data Kalimah : ... diajar maca *jeung* nulis.

Keterangan kartu data:

HA = Judul carpon (*Haté Awéwé*)
 C1 = Carpon 1
 KC13 = Kaca carpon

Data Konjungsi

| No | No. Data | Data Kalimah | Kode Data (Kode Data) |
|----|----------|--------------|--------------------------|
| 1 | 0001 | | |

Wangun Konjungsi

| No | Konjungsi | Kode Data | Wangun Konjungsi | | | | | |
|----|-----------|-----------|------------------|------------|-------------|--------------|------|-------|
| | | | Monomorfémis | | | Polimorfémis | | |
| | | | Saengang | Dua engang | Tilu engang | Koré | Préf | Sufik |
| | | | | | | | | |
| | | | | | | | | |
| | | | | | | | | |
| | | | | | | | | |
| | | | | | | | | |

Fungsi Konjungsi

| No | Konjungsi | Kode Data | Fungsi Konjungsi | | | |
|----|-----------|-----------|------------------|---------|------------|----------|
| | | | Satata | Sumélér | Papasangan | Anteuran |
| | | | | | | |
| | | | | | | |
| | | | | | | |
| | | | | | | |
| | | | | | | |
| | | | | | | |

3.5 Téhnik Ngolah Data

Ieu panalungtikan ngagunakeun téhnik ngolah data unsur langsung nu dilakukeun sacara ngaruntuy ti mimiti nepi kaahir panalungtikan. Ieu téhnik bisa katitén saperti ieu di handap.

1. Mariksa data konjungsi nu geus dipaluruh.
2. Nyieun papasingan data konjungsi dumasar kana wanda, fungsi, jeung ma'na.
3. Nganalisis data konjungsi dumasar kana wanda, fungsi, jeung ma'na.
4. Ngadéskripsikeun data konjungsi dumasar kana wanda, fungsi, jeung ma'na.
5. Nafsirkeun data konjungsi dumasar kana wanda, fungsi, jeung ma'na.
6. Nyindekkeun data konjungsi.